

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Manusa salaku mahluk sosial, tangtuna waé merlukeun jalma séjén dina kahirupanana. Ku kituna, basa téh miboga kalungguhan anu kacida pentingna dina komunikasi antara manusa nu hiji jeung nu lianna. Aya dua jenis komunikasi anu dilakukeun ku manusa ngaliwatan basa, nya éta basa lisan ngaliwatan lambang sora, jeung basa tinulis ngaliwatan lambang tulisan.

Aya opat kaparigelan basa, salasahijina nya éta nulis. Nulis miboga sipat anu produktif, hartina kagiatan anu ngahasilkeun hiji karya. Nurutkeun Tarigan (1982) dina Nunuy Nurjanah (2007: 1) nulis téh nya éta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma, nepi ka jalma lian bisa nyangkem éta basa tina gambaran grafik tadi. Jadi, nulis téh mangrupa salasahiji alat pikeun nepikeun ide, rasa, kahayang ngaliwatan média tinulis.

Dina pangajaran nulis, siswa dituntut pikeun nuliskeun ide, rasa, kahayangna ngaliwatan tulisan. Salasahijina nya éta bisa ngaliwatan warta. Warta nya éta carita ngeunaan kajadian anu keur atawa geus lumangsung, anu sipatna anyar (*up to date*). Fungsi tina éta warta sorangan nya éta pikeun méré nyaho masarakat perkara kajadian anu keur atawa geus lumangsung, nambahan pangaweruh, jeung méré informasi-informasi anu dipikabutuh ku masarakat.

Pangajaran warta pernahna aya di kelas IX. Dina nulis warta, loba hal-hal anu kudu diperhatikeun. Salasahijina nya éta dina éjahan. Éjahan kacida pentingna dina nulis, kitu deui dina nulis warta. Ti mimiti maké aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, nulis unsur serepan, jeung makéna tanda baca kudu diperhatikeun.

Kiwari, kamampuh siswa dina nulis kawilang handap. Ieu hal disababkeun lantaran basa Sunda téh dianggap teu penting, anu antukna

siswa téh haré-haré dina diajar basa Sunda na. Ku kituna, siswa teu enyanya dina nulis, kaasup teu merhatikeun éjahanana. Padahal éjahan téh kawilang pentingna. Lantaran saupama salah ngalarapkeun éjahan, bisa ngabalukarkeun multitafsir. Conto kasalahan dina nulis aksara, saperti nulis kecap bébék jeung bebek. Éta dua kecap téh miboga harti anu béda. Contona waé dina nuliskeun kecap bébék. Saupama vokal é na, teu maké curek ('), bakal ngahasilkeun kecap bebek. Tangtu éta hal téh bakal ngabalukarkeun béda harti, antara maksud nu nulis jeung nu maca.

Barudak kiwari, nganggap yén basa Sunda téh teu penting pikeun diulik. Padahal pamaréntah daérah sorangan geus ngawajibkeun diajarkeuna basa Sunda di daérah Jawa Barat. Tangtu ieu hal téh luyu jeung Perda No. 5 Taun 2003 ngeunaan *Pelestarian Basa, Sastra, dan Aksara Daerah*. Tina éta perda geus katitén yén ayana pangajaran basa Sunda di unggal tingkatan sakola mangrupa tarékah pikeun ngamumulé basa daérah, nya éta basa Sunda di wilayah Jawa Barat. Lian ti éta, basa daérah téh miboga pancén (dina Abdul Chaer jeung Leonie Agustina, 2010:226) minangka (1) *lambang kebanggaan daerah*, (2) *lambang identitas daerah*, (3) *sarana perhubungan di dalam keluarga dan masyarakat daerah*, (4) *sarana pengembangan serta pendukung kebudayaan daerah*.

Dumasar hal di luhur, tétéla karep siswa dina nulis utamana dina éjahan masih can bisa nyumponan sarat minimum. Lantaran kitu, hasil diajar kurang nyugemakeun.

Panalungtikan-panalungtikan anu patali jeung analisis kasalahan éjahan kacida lobana, diantarana (1) “Analisis Éjahan dina Karangan Déskripsi Siswa Kelas XII MAN Jonggol Taun Ajaran 2012/2013” (Sylvi Fauziah R., 2013), (2) “Éféktivitas Média *Movie Maker* dina Pangajaran Nulis Berita (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas IX E SMP Negeri 1 Manonjaya)” (Fandy purnama, 2012), (3) “Analisis Kasalahan Éjahan dina Nulis Karangan Éksposisi Siswa Kelas VIII SMP Negeri 1 Ciwidey Kabupatén Bandung” (Resti Kirana Pujaningrat, 2009), (4) Analisis

Éjahan dina Kumpulan Carita Pondok Dongéng Énéng ti Pasantrén pikeun Bahan Pangajaran di SMP” (Lia Marlia, 2000), (5) Analisis Kasalahan Éjahan dina Karangan Déskripsi Siswa Kelas III SMU Pasundan I Bandung Taun Ajar 2004/2005” (Rita Rosita, 2000). Sasaruuan ieu panalungtikan jeung nu geus aya nya éta sarua nganalisis kasalahan éjahan. Tapi panalungtikan husus ngeunaan “Kasalahan Éjahan dina Nulis Warta Siswa Kelas IX C SMP Laboratorium Percontohan Taun Ajar 2013/2014”, can aya nu nalungtik.

Ku sabab kitu, ieu panalungtikan perlu dilaksanakeun lantaran kasalahan éjahan téh mangrupa salasihiji komponén penting dina bacaan atawa tulisan. Larapna éjahan anu merenah bakal ngagampangkeun jeung ngagenahkeun ka nu maca. Sabab, salah ngalarapkeun éjahan bakal ngabalukarkeun multitafsir.

1.2 Watesan Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Pedaran ngeunaan kasalahan éjahan warta siswa kelas IX SMP Percontohan Laboratorium UPI lega pisan. Ku kituna pedaran panalungtikan diwatesanan, nya éta nalungtik kasalahan éjahan warta, tina kasalahan nuliskeun konstruksi kabasaan, nya éta: (a) kasalahan éjahan dina makéna aksara, (b) kasalahan éjahan dina nuliskeun aksara, (c) kasalahan éjahan dina nuliskeun kecap, (d) kasalahan dina nulis unsur serepan, jeung (e) kasalahan dina makéna tanda baca.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, bisa dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

1. Naha dina nulis warta karya siswa kelas IX SMP Percontohan Laboratorium UPI kapanggih ayana kasalahan makéna aksara?;
2. Naha dina nulis warta karya siswa kelas IX SMP Percontohan Laboratorium UPI kapanggih ayana kasalahan nuliskeun aksara?;

3. Naha dina nulis warta karya siswa kelas IX SMP Percontohan Laboratorium UPI kapanggih ayana kasalahan nuliskeun kecap?;
4. Naha dina nulis warta karya siswa kelas IX SMP Percontohan Laboratorium UPI kapanggih ayana kasalahan nulis unsur serepan?;
5. Naha dina nulis warta karya siswa kelas IX SMP Percontohan Laboratorium UPI kapanggih ayana kasalahan makéna tanda baca?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho kasalahan éjahan dina nulis warta siswa kelas IX C SMP Laboratorium Percontohan UPI.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kasang tukang jeung rumusan masalah anu geus dipedar di luhur, ku kituna ieu tujuan panalungtikan pikeun mikanyaho kasalahan éjahan anu ngawengku:

1. Kasalahan makéna aksara.
2. Kasalahan nuliskeun aksara.
3. Kasalahan nuliskeun kecap.
4. Kasalahan nulis unsur serepan.
5. Kasalahan makéna tanda baca.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan éjahan basa Sunda anu luyu jeung kaédah palanggeran éjahan.

- 2) Pikeun méré élmu pangaweruh sangkan bisa maké aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, jeung ngalarapkeun tanda baca kalayan bener.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian mangpaat teoritis, aya ogé mangpaat praktis tina ieu panalungtikan, nya éta:

1) Mangpaat pikeun guru

- a. Guru mikanyaho rupa-rupa kasalahan éjahan dina warta anu dilakukeun ku siswa kelas IX SMP Laboratorium Percontohan UPI.
- b. Guru mikanyaho kamampuh siswa dina nulis warta.
- c. Guru miboga acuan nilai warta siswa pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis warta siswa leuwih hadé.

2) Mangpaat pikeun siswa

- a. Bisa ngajembaran pangaweruh dina nulis warta
- b. Pikeun méré gambaran ngeunaan tipe kasalahan éjahan
- c. Pikeun mikanyaho kamampuhna dina maké éjahan dina warta.
- d. Mangrupa latihan jeung motivasi keur siswa sangkan bisa leuwih hadé dina nulis warta.

1.5 Struktur Organisasi Skripsi

Di handap ieu mangrupa sistematika penulisan skripsi, nya éta:

BAB I BUBUKA

- 1.1 Kasangtukang Masalah
- 1.2 Watesan Masalah jeung Rumusan Masalah
- 1.3 Tujuan Panalungtikan
- 1.4 Mangpaat Panalungtikan
- 1.5 Struktur Organisasi Skripsi

BAB II TATAPAKAN TÉORI

- 2.1 Basa

- 2.2 Nulis
- 2.3 Kasalahan Basa
- 2.4 Éjahan Basa Sunda
- 2.5 Warta

BAB III MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

- 3.1 Desain Panalungtikan
- 3.2 Metode jeung Tehnik Panalungtikan
- 3.3 Wangenan Oprasional
- 3.4 Sumber Data
- 3.5 Sistematika Nyusun Skripsi
- 3.6 Jadwal Kagiatan

BAB IV ANALISIS KASALAHAN ÉJAHAN DINA NULIS WARTA SISWA KELAS IX SMP LABORATORIUM PERCONTOHAN UPI TAUN AJARAN 2013/2014

- 4.1 Data Kasalahan Éjahan
 - 4.1.1 Déskripsi Kasalahan Makéna Aksara
 - 4.1.2 Déskripsi Kasalahan Nuliskeun Aksara
 - 4.1.3 Déskripsi Kasalahan Nuliskeun Kecap
 - 4.1.4 Déskripsi Kasalahan Nulis Unsur Serepan
 - 4.1.5 Déskripsi Kasalahan Makéna Tanda Baca
- 4.2 Kacindekan tina Hasil Analisis Data

BAB V PANUTUP

- 5.1 Kacindekan
- 5.2 Saran
- 5.3 Rékoméndasi.

DAPTAR PUSTAKA

LAMPIRAN-LAMPIRAN

RIWAYAT HIRUP